



NAETISL

National Association of
Educational Translators and
Interpreters of Spoken Languages



MODDC

Missouri
Developmental
Disabilities Council

Konprann Sèvis Tranzisyon nan Edikasyon Espesyal: Yon Gid pou Paran

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



naetisl@gmail.com



www.naetisl.org

NAETISL



Follow us



MODDC



moddc@moddcouncil.org



www.moddcouncil.org





Konprann Sèvis Tranzisyon nan Edikasyon Espesyal: Yon Gid pou Paran

Sèvis tranzisyon yo se yon ansanm aktivite kowòdone ki fèt pou ede elèv ki gen andikap yo deplase san pwoblèm soti lekòl pou ale nan lavi apre lekòl segondè. Sa ka gen ladan plis edikasyon, travay, ak lavi endepandan. Sèvis sa yo fè pati Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) elèv la.

Kilè sèvis tranzisyon yo ap kòmanse?

Dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (IDEA), planifikasyon tranzisyon an dwe kòmanse nan laj 16 lane (oswa pi piti si sa a apwopriye) nan IEP a. Sepandan, anpil eta ankouraje lekòl yo kòmanse bonè depi nan laj 14 lane.

Ki objektif planifikasyon tranzisyon an?

Objektif la se prepare elèv ki gen andikap pou lavi apre lekòl segondè.

Sa a gen ladan:

- Edikasyon apre etid segondè oswa fòmasyon pwofesyonèl
- Travay (konpetitif oswa ak sipò)
- Lavi endepandan oswa lavi ak sipò
- Patisipasyon kominotè ak sèvis pou granmoun

Ki moun ki enplike nan pwosesis tranzisyon an?

Planifikasyon tranzisyon an se yon efò ekip. Li anjeneral gen ladan:

- Paran oswa responsab legal la
- Pwofesè edikasyon espesyal ak pwofesè edikasyon jeneral
- Konseye lekòl oswa kowòdinatè tranzisyon
- Administratè lekòl





- Reprèzantan ki soti nan ajans sèvis kominotè oswa pou granmoun (lè sa a apwopriye)
- Men sitou, elèv la kòm moun k ap pran desizyon kle yo

Kisa yon mete nan yon plan tranzisyon?

Plan tranzisyon an se yon pati nan IEP a epi li dwe gen ladan l:

- Objektif apre lekòl segondè ki baze sou evalyasyon apwopriye pou laj la nan domèn tankou edikasyon, fòmasyon, travay, ak lavi endepandan. Sèvis tranzisyon ak aktivite ki ede elèv la atenn objektif sa yo
- Domèn etid—yon seri kou oswa esperyans kowòdone oswa ki gen lyen ak objektif elèv la

Ki kalite sèvis oswa sipò yo konsidere kòm sèvis tranzisyon?

Men kèk egzanp sèvis tranzisyon:

- Eksplorasyon travay ak aprantisaj ki baze sou travay (pa egzanp, estaj oswa obsèvasyon travay)
- Fòmasyon nan konpetans pou lavi (pa egzanp, kwit manje, jere bidjè, oswa itilize transpò piblik)
- Asistans pou aplikasyon nan inivèsite oswa pwogram pwofesyonèl Konpetans pou entèvyou ak redaksyon CV
- Aprann kijan pou defann tèt ou

Konekte ak ajans sèvis pou adilt yo (egzanp, reyabilitasyon pwofesyonèl)

Èske gen sipò apre lekòl segondè?

Après yon elèv fini lekòl segondè, pwoteksyon ak sèvis pwogram IDEA a ap fini. Sepandan, lòt pwogram pou granmoun—tankou Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR) oswa Sèvis pou Andikap Devlopmantral (DD)—ka ofri sipò kontinyèl.





E si pitit mwen an pa gen plan pou l ale nan ivèsite?

Plan tranzisyon an ta dwe reflekte fòs endividyèl ak preferans pitit ou a, kit sa a enplike:

- Travay ak sipò
- Lekòl metye
- Pwogram jounen ki baze nan kominote a
- Viv endepandan oswa avèk sipò
- Travay volontè oswa lòt aktivite ki gen sans

Kisa mwen ta dwe fè kounye a kòm yon paran?

Men kèk etap ou ka pran:

- Mande ekip IEP ou a kilè planifikasyon tranzisyon an pral kòmanse (oswa mande pou li kòmanse pi bonè)
- Ankouraje pitit ou a patisipe nan reyinyon IEP yo
- Eksplòre konpetans karyè ak lavi ak pitit ou a lakay ou
- Aprann sou sèvis pou granmoun ak resous kominotè yo
- Rete angaje epi enfòmè—se yon pwosesis

Planifikasyon tranzisyon an se pou ranfòse kapasite pitit ou a pou li ka bati yon lavi adilt ki gen sans. Plis ou kòmanse bonè, plis l ap pi byen prepare.

Èske mwen ka jwenn èd ak tranzisyon an andeyò lekòl la nan lang mwen an?

Ajans sèvis sosyal yo anjeneral bay sèvis aksè nan lang. Mande enfòmasyon sou kijan ou ka mande yon entèprèt.

Ou kapab mande lidè ekip IEP a pou li envite reprezantan ki soti nan ajans sèvis sosyal ou ka travay avèk li a nan lavni. Entèprèt ki nan reyinyon IEP a kapab ede ak kominikasyon.

